


Prezidan Thomas S. Monson



Prepare tan pou Sovè a

Yon lòt sezon Nwèl rive epi avèk li kòmansman yon nouvell ane. Li sanble ke se sèlman yè nou t'ap selebre nesans Sovè a ak pran rezolisyon.

Pami rezolisyon nou pou ane sa a, èske nou te pran rezolisyon pou nou rezève tan nan lavi nou avèk espas nan kè nou pou Sovè a? Kèlkeswa degre siksè nou jiskaprezan avèk yon rezolisyon konsa, mwen rete konvenki ke nou tout ta renmen fè pi byen. Sezon nwèl sa a se moman pafè pou nou egzamine e renouvle efò nou yo.

Nan lavi okipe nou, avèk si anpil lòt bagay k ap eseye kapte atansyon nou, li esansyèl pou nou fè yon efò konsyan e anganje pou nou mennen Kris la nan lavi nou ak nan fwaye nou. Epi li enpòtan ke, menmjan ak Wa Maj yo ki te soti nan Lès la, nou kenbe je nou fikse sou zetwal Li a epi “vini pou adore li.”¹

Atravè jenerasyon tan yo, mesaj Jezi a rete menm nan. Bò rivaj Galile a, li te di Pyè ak Andre, “Suiv mwen.”² Apèl sa a te vini pou Filip: “Suiv mwen.”³ Li te bay Levit la ki te chita ap resevwa taks yo enstriksyon sa a: “Suiv mwen.”⁴ Epi pou ou menm avèk mwen, si nou sèlman koute, n ap resevwa menm envitasyon sa a: “Suiv mwen.”⁵

Pandan n ap suiv tras pa Li jodia e pandan n ap imite egzant Li, n ap gen opòtinite pou nou beni lavi lòt moun. Jezi envite nou pou nou bay tèt nou: “Gade, Senyè a mande kè a avèk yon lespri byen dispoze.”⁶

Èske gen you moun ke ou ta dwe rann sèvis pandan Nwèl sa a? Èske gen yon moun ki ap tann vizit ou?

Sa gen kèk ane, m t al vizite lakay yon granmoun vè pou Nwèl. Pandan m te la a, sonèt la te sonnen. La devan pòt la, te gen yon doktè renome e trè okipe ki te kanpe. Pa t gen moun ki te rele l; men, li te jis santi l pouse pou l te vizite yon pasyan ki te poukont li.

Pandan sezon sa a, kè moun ki solitè yo ap tann e yo anvi yon vizit Nwèl. Yon epòk Nwèl, pandan m t ap vizite yon sant sante, m te chita pou m te pale avèk senk granmoun fi, pi gran an te gen 101 an. Li te avèg, malgre sa li te rekonèt vwa m.

Li te di, “Evèk, ou on tijan an reta ane sa a!” “M te panse ou pa tap janm vini.”

Nou te pase on bon moman ansanm. Men, te gen yon pasyan ki t ap gade nan fenèt la avèk anvi epi ki t ap repete plizyè fwa: “M konnen pitit gason m nan ap vin wè m jodi a.” M te mande tèt mwen èske li t ap fè sa, paske te gen lòt sezon Nwèl kote li pa t janm vini.

Gen tan toujou ane sa a pou nou lonje yon men edan, yon kè chaje lanmou, ak yon lespri byen dispoze—otremandi, pou nou suiv egzant Sovè nou an te trase epi pou nou sèvi jan Li ta renmen nou sèvi. Pandan n ap sèvi L la, nou pa p pèdi opòtinite, jan mèt otèl lontan an te fè a,⁷ pou nou rezève tan pou li nan lavi nou ak plas pou li nan kè nou.

Èske nou ka konprann bèl pwomès ki nan mesaj zanj la te bay bèje yo ki te nan jaden an: “M ap anonse nou yon bòn nouvell ki pral fè tout pèp la kontan. . . . Paske

jodi a . . . nou gen yon Sovè ki fenk fèt, ki se Kris la, Senyè a”?⁸

Pandan nou ap fè echanj kado pandan Nwèl la, se pou nou sonje, apresye, e resevwa pi gran kado nan pami tout kado a—kado Sovè nou e Redanmtè nou an, pou nou ka gen lavi etènèl.

“Paske kisa sa itil yon moun si yo te ba li yon don, epi li pa resevwa don an? Gade, li pa rejwi l nan bagay yo te ba li a, ni tou moun ki te ba l don an pa rejwi tou.”⁹

“Se pou nou suiv Li, sèvi Li, onore Li, epi resevwa kado Li ba nou an nan lavi nou, pou ke, selon pawòl Leyi yo, nou kapab “ansèkle etènèlman nan bra lanmou li.”¹⁰

NÒT

1. Matye 2:2.
2. Matye 4:19.
3. Jan 14:23
4. Matye 9:9.
5. Doktrin ak Alyans 38:22.
6. Doktrin ak Alyans 64:34.
7. Gade Lik 2:7.
8. Lik 2: 10null11.
9. Doktrin ak Alyans 88:33.
10. 2 Nefi 1:15.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Prezidan Monson fè apèl a nou menm pou nou “fè yon efò konsyan e angaje pou nou mennen Kris la nan lavi nou ak nan fwaye nou.” Panse pou w diskite avèk moun w ap ansenye yo sou fason yo kapab fè efò konsyan sa a endividyèlman e antanke fanmi tou. Ou gen dwa mande yo pou yo reflechi sou yon moun oubyen yon fanmi espesifik yo ta kapab vizite oubyen rann sèvis pou Nwèl sa a. Gen tan toujou ane sa a pou nou lonje yon men edan, yon kè chaje lanmou, ak yon lespri byen dispoze.”

JÈN YO

Fason pou nou sèvi nan sezon Nwèl la

Prezidan Monson pran tan pou l vizite granmoun yo ak moun ki nan sant sante yo, espesyalman nan sezon Nwèl. Li te note ke gen moun ki kontan paske yo te resevwa vizit, pandan ke gen lòt ki sèlman espere vizitè ki pa janm vini. Gen moun ki ap tann yon moun—petèt Nwèl sa a, ou kapab moun sa a.

Lis sa a se jis kèlke fason ou kapab asire ou ke pèsòn moun pa santi yo pou kont yo pandan Nwèl sa a. Reflechi sou plizyè lòt fason ou kapab ede nan kominote ou sezon sa a. “Èske gen yon moun ki ap tann vizit ou?

- Fè kat nwèl pou voye pou misyonè yo ak moun selibatè yo ak manm ki granmoun yo nan pawas oubyen branch ou a.
- Pote tèt ou volontè pou yon òganizasyon lokal nan kominote a.
- Bay zanmi ou ak vwazen ou Liv Mòmmon an kòm kado Nwèl.
- Vizite granmoun nan pawas ou yo oubyen nan fanmi ou.
- Fè ti manje pou delivre bay vwazen ou yo.

TIMOUN YO

Suiv Limyè a

Apre Jezi te fèt, Wa Maj yo te pote kado pou Li. Yo te suiv yon nouvo etwal klere nan syèl la pou yo te jwenn Li. Ki kado ou kapab bay Jezi pou Nwèl sa a?



Lafwa, Fanmi, Sekou

Karakteristik Divin Jezikri: Konpatisan epi Janti

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Nan ki fason konpreyansyon kalite divin Sovè a ogmante lafiwa nou nan Li e beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaje yo? Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Sa a se yon pati nan yon seri Mesaj Vizit nan fwaje ki dekri kalite Sovè a genyen.

Nan ekriti yo, kompasyon vle di egzaktman “pou soufri avèk” Li vle di tou pou montre senpati, pitye, avèk mizèrikòd pou yon lòt moun.”¹

Prezidan Thomas S. Monson te di, “Jezi te ban nou plizyè egzanp sou kompasyon.” “Nonm enfim nan dlo Betesda a; dam yo te pran nan adiltè a; dam ki te bò pui Jakòb la; pitit fi Jayiris la: Laza, frè Mari ak Mat la—yo chak te reprezante on viktim sou wout Jeriko a. Chak te bezwen èd.

“Pou nonm enfim Betesda a, Jezi te di, ‘Leve, pran kabann ou, epi mache.’ A dam ki te pechè a te vini konsèy sa a, ‘Ale, e pa peche ankò.’ Pou ede sa ki te vin tire dlo nan pui a, Li te ba li yon pui dlo ‘ki se yon sous ki bay lavi etenèl.’ A pitit fi Jayiris la ki te mouri a, kòmand sa a te vini, “Tifi, mwen di ou, leve.” A Laza ki te nan tonm lan, ‘Soti deyò.’

Sovè a te toujou montre kapasite san limit pou kompasyon . . . Annou louvri pòt kè nou, pou Li

menm—egzanp vivan sou vrè konpasyon an—kapab antre.”²

Ekriti adisyonèl

Sòm 145:8; Zakari 7:9 1 Pyè 3:8; Mozya 15:1; 3 Nefi 17:5–7

Nan Ekriti yo

Linda S. Reeves, dezyèm konseyè nan prezidans jeneral Sosyete Sekou a te di, “Mari m ansan avèk mwen te mete nou ajenou bò kote pitit fi 17 an nou an e nou te plede pou lavi li.” “Repons lan te non, men . . . nou te vin konnen . . . ke. . . [Sovè a] santi konpasyon pou nou nan lapenn nou yo.”

“Youn nan Istwa m pi renmen nan lavi Sovè a se istwa Laza a. Ekriti yo di nou ke ‘Jezi te renmen Mat, . . . sè li a [Mari], ak [frè yo a] Laza.’”⁴ “Lè Laza te vin malad, yo te voye di Jezi sa, men lè li te rive Laza te gentan mouri. Mari te kouri al jwenn Jezi, li te tonbe nan pye l, epi li te kriye. Lè Jezi te wè Mari ap kriye, “kè l t ap rache, epi . . . li te kriye” (Jan 11:33, 35).

“Sa se responsabiltè nou. Nou dwe santi ak wè pou tèt pa nou epi apres a ede tout pitit Papa nou ki nan Syèl la santi, wè ak konnen ke Sovè nou an te pran sou tèt li non sèlman tout peche nou yo men lapenn ak soufrans ak afliksyon nou yo tou, pou Li kapab konnen kisa nou santi ak kijan pou l rekonfòte nou.”

NÒT

1. Gid pou ekriti yo, “Kompasyon.”
2. Thomas S. Monson, “Kado Kompasyon an.” *Liahona*, Mas 2007, 4–5, 8.
3. Linda S. Reeves, “The Lord Has Not Forgotten You,” *Ensign* oswa *Liahona*, Nov. 2012, 120.
4. Linda S. Reeves, “The Lord Has Not Forgotten You,” 118
5. Linda S. Reeves, “The Lord Has Not Forgotten You,” 120

Konsidere Sa

Kiyès ki ta kapab beni pa kompasyon ou?